ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ЛЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЫДДКІ

№137 (22.545) ● 2013 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 18, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ кыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Конференцхэр

ЩІэныгъэр и лъабжьэщ

«Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щЫналъэм агропромышленнэ комплексым зэпІэзэрыту зыщІагъэувыныр щІэныгъэр и лъабжьэу къызэрэпэщыну». Араш зытеухуар Налшык «Синдикэ» хэзщІэщІым дыгъуасэ къыщыхалъхьа урысейпсо щІэныгъэ-практикэ конференцыр.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкІэ и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и унафэщІ Мэремыкъуэ Арсен эЗуЩІэр къызэІуихьа нэужь, иужьрей илъэсхэм республикэм и АПК-м эзрызиужьым, программэ хэхахэр зэрагъэзащІэм хэзыгъэгъуазэ фильм кІэщІ ягъэлъэгъуащ.

Зэхуэсышхуэм кърихьэлІахэм фЫщІэ яхуищІри, КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен и фІэхъус псалъэм къыщыхигъащІ зытепсэлъыхьыну я мурад Іуэхугъуэхэм мыхьэнэшхуэ зэрэІэр, гъащІэмрэ зэманымрэ къагъэув къалэнхэм ахэр лъэныкъуэ куэдкІэ зэрапэджэжыр икІи я лэжьыгъэр купщІафэу щытыну зэригуапэр.

Ялэу зэпкърахащ КИФЩІ-м мэкъумэш къэкІыгъэхэр зэрыщащІэ технологиехэр егъэфІэкІуным теухуа инновацІэ унэтІыныгъэхэр зыхуэдэр, щІым и зехьэкІэм щІэныгъэ-методикэ лъабжьэ быдэ къыхуэзгъэпэщыныкІэ лэжьыгъэхэр, хьэсэхэм я зехьэкІэм къыщыгъэсэбэпыпхъэ Іэмал гъэунэхуахэр зыхуэдэр, нэгъуэщІхэри.

Іэщ гъэхъуным зегъэужьыным хуэунэтІауэ щыІэ хэкІыпІэхэм щэджагъуэ нэужым тепсэлъыхьащ, республикэм и гъавэ щІапІэхэм епльащ, адыгэш лъэпкъ къабзэхэр къызэрагъэхъу щІыкІэм зыхагъэгъуэзащ.

Нобэ конференцым и лэжьыгъэм пищэнущ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● КъБР-м и Іэтащхьэ

Къанокъуэ Арсен фЫщІэ къыхуащІ

2013 ТЪЭМ мэкъуэуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ 30-р къэсыху Къэбэрдей-Балъкъэрым и Интернет-егъэзылъэпІэм (www.glava.kbr.ru) зыкъыхуагъэзащ щыху 206-м. Республикэм щыпсэуэм я нэхъыбэр егъэпІейтей псэупІэм егъэщІылІа Іуэхуэхэм (тхыгъэ 56-рэ). ЛэжьапІэ кьагъуэтынымкІэ кьыдэІэпыкьуну республикэм и Іэтащхьэм кьельэІуащ щыху 12. Узынщагъэр хьумэным, егъэджэныгъэм я ІэнатІэхэм щыху 23-рэ, ЖКХ-м и Іуэхутхьэбзэхэр зыхуэдэм щыху 16 топсэльыхь. ЩІыпІэ самоуправленэм и органхэмрэ ЖКХ-м и Іуэхущ1апІэхэмрэ я лэжьыгъэр зыхуэдэр кьаІуатэ щыху 75-м. Щыхуи 7-м Кьанокъуэ Арсен фЫщІэ псалъэхэмкІэ зыхуагъэзащ.

«Балькъ ауэ» къэфакІуэ гупу Малкэ кьуажэм щыщым хэтхэм я адэ-анэхэм Кьанокъуэ Арсен и Интернет-егъэзылъэпІэм зыкьыхуагъэзащ Москва щекІуэкІыну Урысейпсо хореографие зэпеуэм я бынэр кІуэныкьмкІэ защІитъэкъуэну кьельэІуу. КъБР-м и Іэтащхьэр адэ-анэхэм я тхыгъэм пэджэжащ икІи гъуазджэхэм я «Кавказым и гъавэуэхэр Москва щоблэ» фестивалым гупыр кІуэныкьмкІэ ядэІэпыкьуащ. Ди сабийхэр езыхэм я ныбжьыбэр зыхэта зэпеуэм щытекІуащ икІи фестивалым и Гран-при-р кьахьащ, медалхэмрэ щІыхь тхьилъэмрэ кьыхуагъэфэщащ. Абы и мызакъуэу щІалэ, хьыджэбз щыкІухэр къэралым и псей нэхьыщхьэм - Кремлым щагъуэвам - щы1ащ, ди къэралым и щІыхьэрым и щІыпІэ нэхъ дахэхэр кьаплъыхьащ.

Налшык щыпсэу Аулъэ Елизаветэ КъБР-м и Іэтащхьэм зыхуигъэзащ лэжьапІэ кьызгъэтынымкІэ укьыздэІэпыкьуну», - кьышыгъэльэгъуащ тхыгъэм. Кьанокъуэ Арсен пщэрыльэ зэращищІам ипкъ иткІэ, Аулъэ Елизаветэ ирагъэблэгъащ проводник ныкьуэ ІэмэпсымэхэмкІэ Налшык заводым. Абы кьышцепсэльэнущ «Микроэлектроникэм и инженер» Іэщагъэм зэрыхэзагъэм теухуауэ.

Белэ Речкэ кьуажэм щыпсэу Гергоковэ Чэзибан Кьанокъуэ Арсен хэгъэхъуэсыкащ пщы зэрыкІуэ бжьамийр кьэхъэ хъуауэ жиІэри. Абы кьыхэкІыу псыр унэ кІуэщІым нос. Ари гулъытэншэу кьыгъэнакьым. «Водоканал» Іуэхущ1апІэм псы зэрыкІуэ бжьамийуэ метр 80 иукъуэдиящ. Апхуэдэ щыкІэкІэ Гергоковэ Чэзибан и лъэпр ягъэзэщІащ.

Дон Іус Ростов щыпсэу Матущенкэ Вячеслав псалъэ гуапэхэмкІэ республикэм и Іэтащхьэм зыкъыхуигъэзащ: «ПщІэ зыхуэтщІ Арсен Башир и кьуэ! Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хьэщІэхэр фЫы дыдэу зэрыщрагъэблагъэмкІэ фЫщІэ пхуэсщІыну хуит сыщІ! Си щхьэгъуэмрэ сэрэ нахьыгъэм Налшык зыщыдгъэпсэхуащ. Кьалэр, паркыр, абы кьеГъэщІылІа щІыпІэ хьэлэмэтэхэр кьабзэщ, зыхуей хуэгъэзащ, республикэр мамырщ, уасэхэр щыинкъым. Кьалэм дыщІэхукІэ дэ зы цыху чэфу дрихьэлІакъым, дызыхуэзаэхэр цыхуфІ защІэщ. Мыбы щы1экъым рекламэ хэлъти1ахэр, зэрызехьэхэр, пивэ е тутын кьудей щащІ тыкуэнькъ щы1кІухэр! Сэ си гугъащ гупсэхугъуэ щыбгъэгъуэм щыпІэ Урысейм имы1эжу...Ехьуп1ныбгъэхэр уи1эну, КъБР-м и зыгъэпсэхупІэхэм нэхьри зевгъэужьыну, фи щэнхабзэ хьэлэмэтыр фхъумэну сынывохьэхьу. Сэ сыхуеймщ фи щІыналъэ дахащэм деплъыи, фи щы1хуэм я гуапагъэр аргуэру зыхэтщІэн папщІэ дяпэкІи фи деж дыкъэкІуэну!»

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Налогхэр

ХэкІыпІэхэм щыхоплъэ

КъБР-м и вице-премьер Къуэдзокъуэ Мухьэмэд ЩІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхмрэ экологиемкІэ и министерствэм къурш гъэтІылыныгъэхэм елъэк1ыну предприятэхэм я унафэщІхэм щ1ауш1ащ.

АР ТЕУХУАУЭ щытащ республикІэ бюджетым хуэхах налогым хэгъэхъуэнымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм. ЗэІуЩІэм хэтащ щІыналъэ налог Іуэхущ1апІэм Іэнатіэхэм ятехьэ налогхэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Щынахьуэ Мартин.

Вице-премьерым къыхигъэщащ республикэм социальнэ къалэн куэд зэрпІэр икІи абы къыхэкІыу, хъэрычэтыщІэхэм налог дисциплинэр ирагъэфІэкІуэн, бюджетым халъхьэм хагъэхъуэн зэрыхуейр.

КъБР-м щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министр Гызыев Берт зыхьхьэм ирагъэблагъэхар зи унафэщІ предприятэхэм я щытыкІэм къытеувыІащ, абыхэм я лэжьыгъэ зыхуэдэр зэпкърихащ. ЗэІуЩІэм хэтахэр я Іуэху еплъыкІэхэмкІэ зэхъуэжащ, щІыуэпсыр нэхъ фейдэ пылъу къэгъэсэбэпыным, налогхэмрэ нэгъуэщІу къыхаххэмрэ хэгъэхъуэным хуэунэтІыгъуэщІэ Іэмалхэр ягъэбелджылащ.

УФ-м и Федеральнэ налог Іуэхущ1апІэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм чэнджэщ ираташ налогыгу зэхуахьэсым хагъэхъуэну, щІым и хъугъуэфІыгъуэхэр къыщІэзыпредприятэхэм ятехьэ налогхэр къызэралытэ щІыкІэм нэхъ тКІийуэ кІэлъыплъну.

ХЬЭХЪУПАЩІЭ Хьэзиз.

● Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Селигер-2013» форумым

АДЫГЕЙ. ***Адыгейм и щІалэгъуалэ жыджэру 18 зыхэт гуп «Селигер-2013» урысейпсо щІалэгъуалэ егъэджэныгъэ форумым я зэфІэкІ щагъэлъэгъуэнущ.***

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 14 - 21-хэм екІуэкІыну а форумым хэтыну Іэмал зыгъэуэта республикэм щыщ щІалэгъуалэ гупыр унэтІныныгъэ зэхуэмыдэхэм зыщагъэлъэгъуэну я мурадщ. Утыку кьаральхуэ «АРТ Квадрат», «Псори унэм», «ЩІалэгъуалэ хьэрычэт Іуэху», «КъыскІэлъыкъэ», «ИнновацІэхэр, техникэ творчество» проектхэр.

Форумым щІалэгъуалэм Адыгейм щыпхагъэкІыну я проектхэр нэщІыса хъунымкІэ зыхуеину щІэныгъэрэ Іэмаарэ зыІэрагъэхьэну Іэмал кьарет. Республикэм щІалэгъуалэ ІуэхуэхэмкІэ и комитетым щыгъуазэ дыхэрищІамкІэ, иджы етхуанэу «Селигер» форумым кІуэныкІэ щІалэгъуалэм зыщІагъэкьуэ мыпхьуэкІи, ар кьызэгъэпщынымкІи.

ЗэгурыІуэныгъэм Іэ щІадз

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм Узыншагъэр хьэрэнымкІэ, Іэмал ьэрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм, УФ-м и ЩЧС-м и Управленэу КъШР-м щы-Іэм я зэдэлэжьэныгъэм теухуа зэгурыІуэныгъэхэр Къэрэшей-Шэрджэсым и Дин Іуэхущ1апІэмрэ Пятигорск, Черкесск епархиемрэ иращы1ащ.***

А ІУЭХУГЪУЭМ и кьызэгъэпщакІуэщ КъШР-м Пъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ, щыхубэ коммуникацІэмрэ печатымкІэ и министерствэр. КъШР-м и Правительствэм и унафэщІым и къуэдзэ Суюнов Джанибек кьыхигъэщащ зэращІы1а зэгурыІуэныгъэр сыт и лъэныкъуэкІи зэІуахуэ, зэкъуэту зэдэлэжьэным и шэсыпІэу зэрыщытыр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● ХъуманІэ банк

ЩхьащатыкІыпхъэхэр яхуегъэмащІэ

Мы гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м къыщыщІэдзауэ фокІадэм и 30 щІондэ и Іуэхутхьэбзэхэр къэзыгъэсэбэп псоми потребительскэ кредитым ди ахьшэмкІэ щхьащатыкІыпхъэхэр ХъуманІэ банкым яхуегъэмащІэ. Ахэр процент пункти 4-м нэскІэ ирагъэх.

ХЪУМАПІЭ банкым щалэ счетымкІэ улахуэр кьеІызыхъэм кьащтэ щыхуэм ди ахьшэмкІэ ильэсым пэщІэдзэу техьэр процент 14,5-рэщ. Адрейхэм дежкІэ абы ильэсым процент 15,5-рэ хуоэз.

Щхьащатыкіыпхъэр щагъэувкІэ кьащтэ щыхуэр ятыжьныкІмкІэ дэтхэнэми бгъэдэль зэфІэжыр щхьэхуэу кьалъытэ. Абы щыгъуэми кредитым пэкІуэу ХъуманІэ банкым лейуэ зыри Іихыркъым.

- Гъатхэм кьыхэтлъхьауэ щыта мы Іуэхугъуэм цІыху куэд къызэрыщІэупщІэм кьыхэкІыу, абы пытщэну мурад тщІащ. Апхуэдэ щы-кІэкІэ, зыгъэпсэхуакІуэ кІуэнухэм, ремонт лэжьыгъэхэр езыгъэкІуэкІынухэм, щэхуэнухэм Іэмал хьарзынэ кьахъущыдогъэпэщ. Щыхуэ къызэращтэ хабзэхэм зыхъэзыгъэгъуэзэну хуейхэр ди хэщІапІэхэм къыдогъэблагъэ, - жеІэ Урысейм и ХъуманІэ банкым и Къэбэрдей -Балъкъэр къудамэм и Іэщ1ап1эхэм.

БАГЪЭТЫР Анзор.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм зэгъэзэхуэжьныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм зэгъэзэхуэжьныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм ягъэзэхьэн Іэ тридзэн икІи хэІущІыну ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт Іэ щытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2013 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 20-м
№1595-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм зэгъэзэхуэжьныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2013 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 20-м къыщтащ

1-нэ статья. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм (правовой информацэм и официальнэ интернет-портал www.pravo.gov.ru) мыпхуэдэ зэгъэзэхуэжьныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 79-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэр мыпхуэдэу тхын: «2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэу хах хъунущ Урысей Федерацэм и цІыхуу Урысей Федерацэм и Конституцэм, федеральнэ законым япкъ иткІэ Іэ зыІэтыну хуитыр, нэгъуэщІ къэральм и цІыхуу щымыт абы щыІэсэуи папщІэ тхьилъ е Урысей Федерацэм и цІыхуу нэгъуэщІ къэральм и щІыналъэм щыпсэуну зэрыхуитым щыхьэт техьэу нэгъуэщІ документ зимыІэр, зи ныбжьыр илъэс 30 ирикъуэр, федеральнэ законым ипкъ иткІэ а къулыкъым трагъэхъэ мыхъуну цІыхуэр хэмыту».

2. 81-нэ статьям и «о» пунктыр мыпхуэдэу тхын:

«о) Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэтым - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органым къыбгъэдэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лІыкІуэм и пщэрыльхэмрэ хуитыныгъэу иІэмрэ егъэбелджылы федеральнэ законым щыгъэува хабзэм тету;

3. 82-нэ статьям и «д» пунктыр мыпхуэдэу тхын:

«д) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм, республикэ законхэм Іэ щІедз икІи хэІущІыІу вщІ;».

4.100-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм «е» пунктыр мыпхуэдэу тхын:

«е) Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэтым - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и цІыкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лІыкІуэм федеральнэ законым ипкъ иткІэ и къалэнхэр яубзыху;

5. 106-нэ статьям и япэ Іыхьэр мыпхуэдэу тхын:

1. Хабзэгъэуэ жэрдэмхэр къыхалъхьэнымкІэ хуитыныгъэ яІэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыкІэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ папитэм, муниципальнэ къызэрэпэщыныгъэхэм цІыху куэд зыхэт я органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я цІыкІэ абыхэм я республикэ органхэм. Езыхэм егъэщІылІа Іуэхуэхэмкіэ хабзэгъэуэ жэрдэмхэр къыхалъхьэну хуитныныгъэхэр апхуэдэу яІэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Арбитраж Судым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым, юстицэм и Іэнатіэм гъэзэщІакІуэ власткІэ щыІэ федеральнэ органым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмкіэ и щІыналъэ къудамэм, щІыхь и хуитныныгъэхэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ Уполномоченнэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэкажьуэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэпщытакіуэ-счет палатэм».

6. 110-нэ статьяр хэгъэкІын.

7. 139-нэ статьям и япэ Іыхьэр мыпхуэдэу тхын:

«1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэр, абы халъхьэ зэгъэзэхуэжьныгъэхэр къащтэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм я Іыхьэ щанитІым нэхърэ мынэхъ мащІэ хъууэ нэхъыбапІэм абы и телъхьэу Іэ яІэтамэ.

2-нэ статья. Мы Законым кьару егъуэт газетхэм къытрадза нэужь махуипщІ дэкІмэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ.
2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м
№355-РЗ

«2008-2015 гъэхэм мурад хэхам хуэгъэзауэ тещІыхьа «Псэупіэ» республикэ программэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым кьару имыІэжу къэльытэныныгъэхэмкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «2008 - 2015 гъэхэм мурад хэхам хуэгъэзауэ тещІыхьа «Псэупіэ» республикэ программэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым кьару имыІэжу къэльытэныныгъэхэмкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьэн Іэ тридзэн икІи хэІущІыну ищІын папщІэ.

3. Мы унафэм кьару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2013 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 20-м
№1597-П-П

«2008 - 2015 гъэхэм мурад хэхам хуэгъэзауэ тещІыхьа «Псэупіэ» республикэ программэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым кьащтэ зэгурыІуэныгъэхэр Къэрэшей-Шэрджэсым и Дин Іуэхущ1апІэмрэ Пятигорск, Черкесск епархиемрэ иращы1ащ.

А ІУЭХУГЪУЭМ и къызэгъэпщакІуэщ КъШР-м Пъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ, щыхубэ коммуникацІэмрэ печатымкІэ и министерствэр. КъШР-м и Правительствэм и унафэщІым и къуэдзэ Суюнов Джанибек къыхигъэщащ зэращІы1а зэгурыІуэныгъэр сыт и лъэныкъуэкІи зэІуахуэ, зэкъуэту зэдэлэжьэным и шэсыпІэу зэрыщытыр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм зэгъэзэхуэжьныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къыщтащ 2013 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 20-м

«2008 - 2015 гъэхэм мурад хэхам хуэгъэзауэ тещІыхьа «Псэупіэ» республикэ программэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закону 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м кьащта №74ФЗ-м кьару имыІэжу къэльытэн». (правовой информацэмкІэ официальнэ интернет-портал (www.pravo.gov.ru).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м
№59-РЗ

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 18, *махуэку*

♦МамырщІэкъу щІрыІуэ Манделэ Нельсон и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и МЧС-м мафІэ къэмыгъэхъуным кІэлъыплъ и къэрал Іуэхущ1апІэм и махуэщ

♦1963 гъэм къызэрагъэпэщащ Ищхьэрэ флотым и псыщІагърыкІуэ атом кхъухьхэм я дивизэр.

♦Ди эрэм и 64 гъэм Рим мафІэм исат. ЩІыпІэ 14-м щыщу кьэнар 4 кьудейт.

♦1941 гъэм Кьардэн Къубатий яп фашист кхъухьльатэр кьриудыхащ.

♦Къэрал лэжьакІуэ, политик **Громыкэ Андрей** къызэральхъурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, литературэдж, искусствовед, критик **КІуэрашын БетІал** къызэральхъурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и щІыхьэ къэкІуэ, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Зумакуловэ Танзиля** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты1кІэ, Налшык пшэрэ техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхьэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 19, *мэрем*

♦Урысейм и МВД-м и юридическэ къулыкъум и махуэщ

♦1942 гъэм Кьардэн Къубатий Березовскэ куейм фашист кхъухьльатитІ къыпридыхащ.

♦1903 гъэм ЛъакъуэрыгъажэмкІэ яп дунейпсо зэпеуэр екІуэкІащ.

♦1980 гъэм Москва щы-щІидзащ XXII Гъэмахуэ Олимп Джэгуэм.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты1кІэ, Налшык пшэрэ техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 15 - 19 щыхьэнущ.

Зыгъэхъэзырар ЖЪЭКІЭМЫХЬУ Мариэт.

Лъэпкъ Іуэщыгъэ

Іуэху зи Іуэху Іуэху Іуощ1эри, шхын зи Іуэху шхын Іуощ1э.

Щэхуакіуэхэм ягу пыкІ зэхуахьэс

Къаладэ куэд зыгъэзащІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІалэгъуалэ центрым нэщІ мазэм ирихьэлІэу псапащІэ Іуэху иregъэкІуэкІ.

● Псапэ

НАЛШЫК къалэ дэт тыкуэнышхуэхэм ашыкхэр щІагъэуващ хэт сыт хуэзфІэкІми кьищэхуурэ ирилъхьэу.

Бадзэуэгъуэм и 12-м щегъэжьауэ щыщхьэІуи и 9 пщІондэ екІуэкІыну Іуэхугъуэм гулъытэ хуэфащІыну кьыхьлъэІу. Абдеж щытэ хуэфащІыну унагъуэ хуэмыщІахэм хуагъэшынущ.

БАЖЭНЭ Беслъэн.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

●Лъэпкъ Іуэхуэр

Лажьэ зиІэмрэ лажьэншэхэмрэ

Пугачев кьалэм махуэ зыбжанэкІэ цІыхуэр щыІэзыхьхьэ-щыІэзэкІыу щытащ.

Псоми щыщІидзар, фигу къэдгъэкІыжьынщи, щыІпІэм хьэщІэу кІуа шэщэн Назиров Алий нуда, илъэс 21-рэ зи ныбжь десантник Маржанов Руслан щІалъхьа нужьщ. Тхьэмахуэ махуэм гупшысуэ зэрыгъэхъуэ кьалэдэсхэр шэшэнхэр щыпсэу хьэблэмкІэ зэрыхьащ. «Псори ди щыІнапъэм фикІ!» жаІэу зэрыгъэкІиІуэ. Бльщ-хьэм Хьэлэ» кафем и пІунэгъуу щыІэзэхуэщ ар ягъэсын я мурад - а шхапІэм Кавказ Ищхъэрэм щыщІэхэр нэхъыбэу щыхьэр. Зы-къэзыІэтэхэр ещанэ махуэм район администрацэм и унэм екІуэлІащ, абы и унафэщ Сидоров Станислав епсэлъэну хуеІуэ. Абыхъэ кьалэгъуэрт шэшэн псоми щыІнатъэр ирагъэбгъэнэу.

- СидоровІ Ди сабийхэр хьэмэ, - кІийрт щыхуфэхэр.

Зиусхьэн Сидоровым езым и кабинетым зыщигъэзэщІкуат. Полицей гъэкІэлуэхэм сапхрыкІри, сэ схуэзэрІэкІащ абы и деж сынэсын.

- Уэ уэхэт? - кьыщысІуІащащ ар бжэщхьэІум тету. - Москва укъыкІа? Сэ сызэпсэльэнур щІыпІэ журналистхэщ.

Абы хуабжьу гужьеяфэ тетт. «Пугачевщина» - кІуэкІам зэрыбгъэдыхьэну щІыкІэр кьыхуэгъэуту кьыщІэкІынтэкъым. Илъэс 37-рэ зи ныбжь Сидоровыр 2012 гъэм районым и тет хъуауэ аращ. Абы и пэкІэ Саратов областым и пощт Іэнатіэм къулыкъу зэмылІужьыгъуэхэр щызэрихьащ.

«Къыфхуэдалъэхэм щхьэкІэ фытхьэусыхэ»

Іэтащхьэр щыхьэкІыну тегушхуакъым. Кьыдзэхуэсасэр щІэбгъэ ныкъуэкІэ пэпІащ. Щымыхъым, федеральнэ гъэзэгумкІэ яунэтІащ, ар зэхуащІын мурад яІэу. Уэшхыщхуэ кьыщІидзами, гупыр зэбгрыкІыжьакъым. УнафэщІэм я деж зышэну автобусхэр ягъэкІуэ нужьщ щыпІэр нэщІ щыхьуар.

ЩэнхабзэкІэ унэм къаурзехьэхэр зи гъусэ вице-губернатор Фадеевым тхъэ щиІуащ Пугачев районым щІэпхъащхьэ щыІэщ ахъщкІэ. Ахэр езыхэр цІыхуфІхэщ - ди гугъу ящІыркым, я гугъуи тщІыркым.

Уи унэжь хуэдэ щыІэкъым

Чырбышым кьыхэщІыкІа унэ екІуэм и бжэм и уэздыкІнэм итхьхьэ пэтми, зыри кьыщІэкІакъым. Дэ кьыдгурагъуэ абыхэм загъэпщІуащ.

ПэгъэщІунэм и бжэр кьыІузыхьа щІыхьб нэІурыт Елизаветэ кьыдгурагъІуащ щІыхухьу псори губгъуэм зэрыщыІэр. Ныбжьыщ Іэхэм Іэщ ягъэхьу, нэхъыжьхэр мэкъу ноуэ.

И щхьэгъусэмрэ и бынхэмрэ щІыгъуу, Елизаветэ мыбы кьыщІыхугащ, ягъэшэщн зауэм кьырихуэжьри. ЩІыпІэр кьыхахат зэман кІыхь хъуауэ гъынэгу кьуажэм шэшэнхэр зэрыщыпсэм кьыхэкІыу. Я ПІуэсу кьэІэпхъуащ щэшэн унагъуинщІ хуэдизи. Елизаветэ и псалъэхэм зэтепщІыхьмэ, иджы абыхэм кьуажэмэ нэгъуэщІ щІыпІэхэмэ Іэщ щагъашхэ.

- ФМС-м и лэжьакІуэхэр фи деж щыІа? - дщщІэупщІащ дэ.

- ЩыІащ, - жэуап къыдитыжащ Елизаветэ. - Нобэ кьэкІуащ щыхуэ гуэрхэр, ди паспортхэм епІащ. Псори тэмэмщ.

Елизаветэрэ и щхьэгъусэмрэ пхъынтІрэ кьупІІрэ яІэщ. Нэгъабэ щІымахуэм Іугъуэм итхьэлащ я кьуэ нэхъыжьымрэ абы и фызымрэ. Иджы унагъуэм апхуэдизи Іэщ езым и кьарукІэ зэрехьэ.

- Апхуэдэ лэжьыгъэр дауэ фи кьару дахуэрэ?- догъэщІагъуэ дэ.

- Мэлу диІэм и бжьыгъэ щэм нысэрохьэс. ЛЭмэхэр блыщІ мэхъу. Абыхэм ящыщу къэтшыр 8 къудейщ, адрейхэр догъашэри дощэ.

- Лизэ, Пугачев кьыщыхъуам нужькІэ фэ, шэшэнхэр, фышынэркъэ?

- Ягъ шэшэн зауэм щыптъгъуам нужькІэ дэ зыми дыщыщынэжьркъым, - жэуап кьыдет, пыгуфІкІыуэрэ. Абы нэхърэ нэхъ шынагъуэ тІъагъунукъым... Ди гуэрхэмрэ дрэ фІыуэ дыдзэхущытщ. Си бынхэр урысхэми тэтэрхэми я ныбжьэгуфІхэщ.

Нужьклэ дэ дыхуэзащ Елизаветэ и къуэ, илъэс 16 зи ныбжь Ислам. Абы езым и закъуэ мэл хъушэ игъэхьурт. Къэдэ хуеяжьым кьыдпсэльэн. АрщхьэкІэ нужьклэ кьыдджІащ Шэшэным игъэзэжьну зэрыхуейр - уи унэжь хуэдэ щыІэкъым...

Дэ депсэльащ кьуажэдэс фызыжьхэми. Шэшэнхэм щхьэкІэ тхьэусыхэжьыркъым: нэхъапэм Іэщ ядыгъурт, иджы ядыгъужьыркъым, дэжьакІуэщхэр хэщ, нэхъыщхьэраци,ефэхэркъым. Сыт атІэ урысхэмрэ тэтэрхэмрэ Іэщ щІымыгъашхэр? Гъэзнитхьэусыхэ Іуэсыпльхэрэ пльапІэщи.

Хьэуэ, сэ шэшэн псори згъэзахуэркъым. Мыбы къкІуа бзаджэнаджэм ильгъар скалыелщ: ищІэрт сэ кьыкъуахмэ, зэрыубыдынур. Абы мурад бзаджэ иІащ инкІи ар шыми игъэзэхуэфынукъым.

ВАРСЕГОВ Николай.
«Комсомольская правда»

● Египет

УпэІэщІэмэ нэхъыфІщ...

Хэт къаралыр аргуэру зауэм хэзышэр?

Ижь ильэситІым иджы етхуанэу Египетым сыкъыщыхута ижь занщІэу аэропортым сикІри, «Рамзес Хилтон» хьэщІэщым сыкІуащ. Ар Нил Іуфэм Іутщ. Тахрир утым - «хьэрыпІ гъатхэ» революцэм дамыгъэ хуэхъуам - кьыбгъуэрыту. Зэуэ срихьэлІащ сызыпэмыплъа: кьыпэкІуэну фейдэр псынщІэу кьызыгурІуа хьэщІэщ. ПэжажкІуэхэм зи щхьэгъубжэхэр Тахрир утымкІэ гъэза пэшхэм уасэхэр Іыхьэ щанэкІэ кьыщІэтат. Ауэ сэ сльэгъуар ста ахъшэм и уасэщ.

ДУНЕЙМ и телекомпание зэмылІэужьыгъуэхэм я корреспондентхэу «Рамзес Хилтон» хьэщІэщым кьыщыувыІащ: бзаджэгъуэм и 5-м и пщыхьэщхьэм хуабжьу арэзы хъуауэ кьыщІэкІынущ, абыхэм я щхьэгъубжэ щІагъэхэм сыхьэтищ енкІэ зэхэуэ гуащІэхэр щеІуэкІащ. Мыбдеж лъы щагъэжащ трагъэжІа президент Мурси и тельхъэ ныбжьыщІэхэмэ оппозицэм щыщ нэгъуэщІ щІалэгъуалэмрэ. ЛъэныкъуэтІми кьагъэсэбэпащ Іэщэхэр, пиротехникэ, «Молотовым и коктейль» зэрыт птулькІэхэр, мывэхэр, бжэгъуэхэр. Укьыгъэхэр. УІэгъэхэр. МафІэм их автомашинэхэр. Псы Іэрышэм хуэдэу, ежэх лъэпкъ. Абы щыгъуэми, зауэлІхэри полицейхэри кьэкІуакьым.

Си цІыхугъэ хьэрпІыр метром нэс згъэІэпхъуэжауэ сыкъыщыкІужьым, сэ зэрымыщІэкІэ, сакъыдэхутащ зэзэуэ лъэныкъуэтІым я кум. КІэрахъуэхэр згъауэу, кІийуэ си гупэмкІэ кьажэрт зы гуп, си цІыбгагъ кьыдэт Тахрир зыщхьэхэр. Ятп щІыкІэ сыгуфІащ: сурэт тесхынщ! Ауэ псынщІэу кьызгурІуэрт Іэл хьуа щалэхэм си журналист тхьІымкІемыплъу, икІи нэгъуэщІ кьэралым сызэрицІыхурп кьамыльытэу сызэрыІэпкъратхъынур. Абы щыгъуэми, си сурэттехым и батареери тІысат. Иджы кьысщохьуэ абы сыкъригъэлагъэнкІэ хьуну. АдэкІэ сэ зэзауэр зэрекІуэжькІи сеплащ 23-нэ кьатым и балконым сытету. Псоущ нэху дыкьемыкІынкІэ дышынат.

Зэхэуэ гущІэгъуншэт. Афганистаным нужькІэ апхуэдэ зы щІыпІи щысльэгъуатэкъым.

* * *

Сыт атІэ иджы Египетым щекІуэнкІэр? Сэ «фирхьэунхэм я хэжум» куэдэ сыщыІащ икІи нхъжьыу спхьыкІащ мы къаралым и цІыхуэхэр мамыру икІи гуапэу зэрыщытыр, АтІэ иджы щхьэ зэзэуэжрэ?

А ущІэм жэуап еттын папщІэ илъэсрэ ныкъуэкІэ дикІуэтыжьын хуейщ. «ЩІышылэм и 25» революцэр щекІуэкІа а зэманым полиц Іуэхущапі э куэдыжьеІ зэтрахьуэщ, унафэщІ партым и унэр ягъэсащ, Мубарак ирахуІащ «езым фІэфІу» президент кьулыкъум текІыну. Куэд мыщІэу президентри, и кьуэхэри, и бльгъэзиубгъум. Апхуэдэу узышнагъэр хъуэмэным и ІэнатІэм щекІуэкІІхэм ягуэрэр фІы ищІыркъым процент 43-м.

ЗэхъукІыныгъэІ гуэрхэри щыІэщ. Иджы куэд тегуэввыхьыжыркъым щІэпхъаджагъэхэм (процент 36-м икІри 22-м нэс ехащ), лэжьапІэнщагъэм (процент 51-м и ІэкІэ 36-рэ). Зи улахуэр ягъэгувэу тхьэусыхэр мащІэ дыдэщ - процент 10 къудейщ.

Ауэ псом хуэмыдэу урысейхэми кърамыдэзр демократиемрэ цІыхуэм и хуитыныгъэхэмрэ къаралым зэрыщигъэуварщ. Абы тегуэввыхьхэр процент 9 къудейщ.

БЕЛЯКОВ Евгений.
«Комсомольская правда»

● ПсэукІэ

МащІэ дыдэщ тхьэусыхэр

ВЦИОМ-р махуэ кьэс щІоупщІэ урысейхэр зэгъэпІейтей Іуэхуэхэм. Иужь зэманым щІыхуэхэр кІуэ пэтми нэхъыбэу тогуэввыхь ЖКХ-м егъэщІыІаІахэм. ЗэупщІахэм я процент 55-м ахэр кьалъытащ нэхъ хьэлэ дыдэу. ЗэпэщІащ папщІэ: илъэсищ щІыхуэхэр пэкІэ урысейхэм я Іыхьэ щанэрт абы ирипІейтейр.

ЖКХ-м кьыдэкІуэу ди щІыхуэхэр згъэгуэзавэ инфляцэр зэрылъагэм, я псэукІэр зэрымыхъумыщІэм, коррупцэм зэрыхьэрэ щІэт зыбжанэ лъэхъуэщым ирадзащ. Унафэр зэблэкІыгъуэ лъэхъэнэм Іэрыльащ маршал Тантауи зи пашэ Дзэ совет нэхъыщхьэм.

Нэхьапэм лэжьэну хуит ящІу щымыта ислъам зэгухьэныгъэ ихьэупІхэм я Іэтащхьэхэри яхэту, кьаутыпщыжащ «властым и лей» зыгъэхьауэ кьалъита тутнакъэр. Абыхэм зэуэ кьаруу телыыджэ кьыхэжьухащ. Къэбгъэльэгъуэмэ, парламент хэхьныгъэхэм ислъамым и лЫкІуэгъэхэм («Муслъымэн зэкъуэшхэмрэ» салафитхэмрэ) процент 70-м щІигъу кьыщащхьэ икІи ардыдэмкІэ игъэгужьеящ динымрэ властымрэ зэпэІэщІэу щытын хуейуэ кьэзылъытэхэр.

Абы щыгъуэми, лэжьэну хуит ящІа ислъам зэгухьэныгъэхэм ягъ щыкІэ президент хэхьныгъэхэм хэмытыну жаІауэ щытами, кьахьа текІуэныгъэм трагъэгушхуэри зэуэ я кьулыкъум щІэбэныну цІыху зыбжанэ кьагъэльэгъуащ. Аргуэруи я кІэн кьыкІащ: «зэкъуэшхэм» кьагъэльэгъуа Мурси зымащІэкІэ ефІэкІащ мыдрейхэм дзыхь зрагъэзэ Шафик. Иджы нужьрейхэр я Іэпэ йодэзкъэж, Мубарак и лэжьэгъуэ щытар Мурси пдгъэувын хуеякъым, жаІэри.

2012 гъэм и мэкъуауэгъэм тхьэрыІуэ ищІри, Египетым и тхьідэм я ягъ граждан президентым жыджэру лэжьэн щІидзащ. Ягъ щыкІэ штаб нэхъыщхьэм и унафэщІэр трихьэІащ, Дзэ совет нэхъыщхьэр кьригъэтІысэхащ, жьы хьуа маршал Тантауи нэгъуэщІ кьэралІ Іэпхъуэным ирихуІащ. ИтІанэ езым и гуп кьызэрипэщІ щІидзащ ислъам зэгухьэныгъэхэм хэтэхэр япэ иригъэщу. Ауэдэгъуэр нужь ихьащ зи проектыр дыгъэгъащэм референдумым кьыщыхальхьа конституцэм. Ар ямыдэу уэрамэм уэру дыхьащ дежмократэр. Ауэ мыбдежи я Іуэху кьыщинІащ «зэкъуэшхэм». Ахэр референдумым щытекІуащ ефІэкІыныгъэшхэу яІэу.

Апхуэдэ щыкІэкІэ динымрэ властымрэ зэпэщІэхауэ ильэс минитхуІкІэ псэуа кьэралыр ислъамым и гуэрэум тевуащ икІи шэрихьэт хабзэхэм я бжьым кьыщІэхутащ.

АрщхьэкІэ Египетыр кьыкІэрыхуэ кьэрал гуэркъым. Мыбы цІыхубз жыларэуІ, абы и кьудамэхэр щыІэщ, и суд ухуэкІэр Урысейм ейм нэхьрэ куэдкІэ нэхкьыфІщ. Икіи хэхьныгъэхэр щекІуэкІым цІыхуэгъэхэр яІэщІкІауэ жиІэу Суд нэхкьыщхьэм ислъам парламентыр хабзэм емызэгъуну кьыщилытэм, Мурси зыри хуэхэфІкІакъым. Ар япэ уэзджьнэт.

ЦІыхуэхэр щІэмыарэзым щыщу абы кьулыкъущІэхэр кьыззэрыхих щыкІэр: губернаторхэу згъэувырт а лэжьыгъэм зыгуэри хэзымыщІыкІ цІыхуэхэу «Муслъымэн зэкъуэшхэм» щыщхэ. Абы и мызакъуэу, ящыныкъуэхэр террорист щІэпхъаджагъэхэмэ хэпщІат. «Езым и цІыхуэхэр» и блыгу щІигъэувэным и хабзэр кьэзыгупсысар Мурси и закъуэкъым. Апхуэдэу абы Іуэхэр хуиІэрт, диктатор мыхъуфми, зэрІэкІышхуэ дыдэ зыбгъэдэлъ предсидент зищІыным.

Пэжщ, и теплъэкІэ ар зыкІи ещхьыкІым цІыхуэм: нэгъуджэ дахэр ЮкІупс, европей щыгъынкІэ хуэпащ. Технократ унагъуэм кьыхэкІа щІалэм езым и ныкъуэкъуэгъуэр игъэтІысакъым, демократиер зи унэтІыныгъэ газетхэр зэхуищІакъым, Египет экономикэм инвестицэхэр кьыхалъхьэным кьыхууриджэу кьэралхэр кьызэхихІуэкІащ, демократие хабзэхэм тетыну кьыгъэгугъащ.

Ауэ абы щхьэкІэ кьэмынэу, щІэх дыдэу Мурси еджэ хъуащ щІэуэ кьэнэхуа фирхьэункІэ».

А псори екІуэкІащ экономикэр гугъуехьхэм щыхэт, бюджетыр зыхущыщІэр куэд дыдэ щыхъуа, Іэнатіэхэм я зэхъуэхэр щехуэх зэманым. Дауи, абыкІэ кьуанщэр Мурситэкъым, атІэ Египетыр пІалъэ кІыхькІэ зыбыгъа зэррыхьэрийт. АрщхьэкІэ цІыху губжьахэр президентым дежкІэ нэхъыбэрэ пльэрт. И пкьыкъуэкъуэрэ хуІэжькъуэрт мафІэр нэхъ ину зэщІагъэстыну.

* * *

А псори нухащ Мурси президент зэрыхьуэрэ зы ильэс щрикъум ирихьэлІэу цІыхуэхэм зэррызыкъаІэтэмкІэ. Утыку кьихьащ «Тамарруд» революцэ зэгуэхэныгъэщІэр. Абы кьэралым и Іэтащхьэм ткІийуэ хуигъэуващ: «Текі, арыншамэ упсэнукъым!» Аргуэрыжьку ягъэсу щІадзащ унафэщІ партым - иджы Щхьэхуитыныгъэмрэ захуагъэмрэ я парту ІэкъуэщІхэм» кьаз зэрагъэпщам - и Іуэхущапі эхэр. КьыкъуэкІащ зауэлІхэри. Абыхэми Мурси хуагъэуващ бадзэуэгъуэм и 3-м и пщыхьэщхьэ пщІондэ и кьулыкъум текІыну. А пщыхьэщхьэ зыхьуэжыныгъэмкІэ министрым (ар зы илъэс и пэкІэ езым кьыхуэпэж щІыхуу кьилытэу Мурси а кьулыкъум пэригъэуват) жиІащ Мурси кьэралым и Іэтащхьэу щымытыжу икІи абы и кьалэнхэр Конституцэ судым и унафэщІ Мансур пІалъэкІэ игъэзэщІэну.

Кьэхъун хуеяр кьэхъуащ. КьыгъэзэнтІэм я кьыкъуэпІэ зауэлІхэм кьагурІуащ езыхэр хэмыІэбэмэ, кьэралым аргуэру зэрыхьэзэрий кьызэрыщыхунур. Египетым и дзэр хуабжьу зэхэуэщІа кьаруш, хэбгъэзыхьмэ, «зэкъуэшхэм» нэхърэ, икІи, дауи, абы нэхърэ куэдкІэ нэхъ лъэщщ. Дзэм кьыхуозэ экономикэм и Іыхьэ щанэр, американкэ дзэпІыкъуныгъэм и доллар мелардхэр яІэрохьэ. Сыт хуэдэ Іуэхуми зауэлІхэр кьыщыхожаныкІ - Израильм егъэщІыла политикэми, палестинхэм ядэІепыкъуными, жылагъэр ислъамым и хабзэм тегъэувэным, я зыгъэпсэхупІэхэм зегъэужьным хуэгъэзауи.

Аргуэру Тахрир утым махуитІкІэ щызэрызехьащ: «Фирхьэуныр» традзащ, псэукІэм дихуэпкІэгъэнущ! Кхъуэльпатэхэр сатыру уэгум ирикІуэрт, щІыпІэхэм я ныкъуэкІащ текІуэныгъэхэр зэрыгъэкІытІэхэм ягъэнэхурт.

АрщхьэкІэ мыгувэу кьыщІэкІащ текІуэныгъэм пасэгуэу щыгуфІыкІауэ. Сыту жыпІэмэ, адрей лъэныкъуэм - ар Египетым щыпсэуэхэм я зэхуэдитІщ - кьэхъуэр фІэкъабгІкъым. Аха хабзэм тету хаха президентым кьыщхьэщыкъуэ губжьауэ уэрамэхэм дыхьащ. Апхуэдэхэм я деж зэрыхьущи, мамыру пжьу езыгъэжьуэхэм кьаухэкІащ бадзэуэгъуэм и 5-м Тахрир ебгъэрыкІуа, бадзэуэгъуэм и 8-м гвардием и Іуэхущапі эхэм ящыщ зыуэ Мурси щыгъэпсэну зыхуагъэфащэм Іэщэкъэ еуа зэстремистхэр. Ар зыхуэмэ сэлэтхэр кьаухэуэжащ. Абы иужькІэ «къэрыпІ гъатхэм» хэкІуэдахэм я бжьыгъэ пщы зыбжанэ кьаухэхьащ.

АдэкІэ-щэ? ЗэпэщІэтыныгъэр зауэщхуэм хуэкІуэнкІэ хъунущ.

Псори зэхэплъхьэ хьунущ мыпхуэдэу: бжьыгъэкІэ нэхъ мащІэ, ауэ щэныгъэ, эи Іуэху епльыкІэхэр зиІэ цІыхуэхэм ядакьыкІ. Аращ ящыкІэ зэрыгъэхьахэм я жьыМ щІэту псэун. ЗэрыгурыІуэгъэщІи, ар демократием и хабзэхэм кьезэрыкъым, ауэ кьэралым кьыфІыгъэ ІэкъуэщІхэм я щытепщІ курыт лІэщІыгъуэхэмкІэ игъэзэж хьуну?

СНЕГИРЕВ Владимир,
Каир,
«Российская газета»

● Лъэпкъ Іуэхуэр

Лажьэ зиІэмрэ лажьэншэхэмрэ

Пугачев кьалэм махуэ зыбжанэкІэ цІыхуэхэр щыІэзыхьхьэ-щыІэзэкІыу щытащ.

Псоми щыщІидзар, фигу къэдгъэкІыжьынщи, щыІпІэм хьэщІэу кІуа шэщэн Назиров Алий нуда, илъэс 21-рэ зи ныбжь десантник Маржанов Руслан щІалъхьа нужьщ. Тхьэмахуэ махуэм гупшысуэ зэрыгъэхъуэ кьалэдэсхэр шэшэнхэр щыпсэу хьэблэмкІэ зэрыхьащ. «Псори ди щыІнапъэм фикІ!» жаІэу зэрыгъэкІиІуэ. Бльщхьэм «Хьэлэ» кафем и пІунэгъуу щыІэзэхуащ ар ягъэсын я мурад - а шхапІэм Кавказ Ищхъэрэм щыщІэхэр нэхъыбэу щыхьэр. ЗыкъэзыІэтэхэр ещанэ махуэм район администрацэм и унэм екІуэлІащ, абы и унафэщІ Сидоров Станислав епсэлъэну хуеІуэ. Абыхэм кьалэгъуэрт шэшэн псоми щыІнатъэр ирагъэбгъэнэу.

- СидоровІ Ди сабийхэр хьэмэ, - кІийрт щыхуфэхэр.

Зиусхьэн Сидоровым езым и кабинетым зыщигъэзэщІкуат. Полицей гъэкІэлуэхэм сапхрыкІри, сэ схуэзэрІэкІащ абы и деж сынэсын.

- Уэ уэхэт? - кьыщысІуІащащ ар бжэщхьэІум тету. - Москва укъыкІа? Сэ сызэпсэльэнур щІыпІэ журналистхэщ.

Абы хуабжьу гужьеяфэ тетт. «Пугачевщина» - кІуэкІам зэрыбгъэдыхьэну щІыкІэр кьыхуэгъэуту кьыщІэкІынтэкъым. Илъэс 37-рэ зи ныбжь Сидоровыр 2012 гъэм районым и тет хъуауэ аращ. Абы и пэкІэ Саратов областым и пощт Іэнатіэм къулыкъу зэмылІужьыгъуэхэр щызэрихьащ.

«Къыфхуэдалъэхэм щхьэкІэ фытхьэусыхэ»

Іэтащхьэр щыхьэкІыну тегушхуакъым. Кьыдзэхуэсасэр щІэбгъэ ныкъуэкІэ пэпІащ. Щымыхъым, федеральнэ гъэзэгумкІэ яунэтІащ, ар зэхуащІын мурад яІэу. Уэшхыщхуэ кьыщІидзами, гупыр зэбгрыкІыжьакъым. УнафэщІэм я деж зышэну автобусхэр ягъэкІуэ нужьщ щыпІэр нэщІ щыхьуар.

ЩэнхабзэкІэ унэм къаурзехьэхэр зи гъусэ вице-губернатор Фадеевым тхъэ щиІуащ Пугачев районым щІэпхъащхьэ щыІэщ ахъщкІэ. Ахэр езыхэр цІыхуфІхэщ - ди гугъу ящІыркым, я гугъуи тщІыркым.

Уи унэжь хуэдэ щыІэкъым

Чырбышым кьыхэщІыкІа унэ екІуэм и бжэм и уэздыкІнэм итхьхьэ пэтми, зыри кьыщІэкІакъым. Дэ кьыдгурагъуэ абыхэм загъэпщІуащ.

ПэгъэщІунэм и бжэр кьыІузыхьа щІыхьб нэІурыт Елизаветэ кьыдгурагъІуащ щІыхухьу псори губгъуэм зэрыщыІэр. Ныбжьыщ Іэхэм Іэщ ягъэхьу, нэхъыжьхэр мэкъу ноуэ.

И щхьэгъусэмрэ и бынхэмрэ щІыгъуу, Елизаветэ мыбы кьыщІыхугащ, ягъэшэщн зауэм кьырихуэжьри. ЩІыпІэр кьыхахат зэман кІыхь хъуауэ гъынэгу кьуажэм шэшэнхэр зэрыщыпсэм кьыхэкІыу. Я ПІуэсу кьэІэпхъуащ щэшэн унагъуинщІ хуэдизи. Елизаветэ и псалъэхэм зэтепщІыхьмэ, иджы абыхэм кьуажэмэ нэгъуэщІ щІыпІэхэмэ Іэщ щагъашхэ.

- ФМС-м и лэжьакІуэхэр фи деж щыІа? - дщщІэупщІащ дэ.

- ЩыІащ, - жэуап къыдитыжащ Елизаветэ. - Нобэ кьэкІуащ щыхуэ гуэрхэр, ди паспортхэм епІащ. Псори тэмэмщ.

Елизаветэрэ и щхьэгъусэмрэ пхъынтІрэ кьупІІрэ яІэщ. Нэгъабэ щІымахуэм Іугъуэм итхьэлащ я кьуэ нэхъыжьымрэ абы и фызымрэ. Иджы унагъуэм апхуэдизи Іэщ езым и кьарукІэ зэрехьэ.

- Апхуэдэ лэжьыгъэр дауэ фи кьару дахуэрэ?- догъэщІагъуэ дэ.

- Мэлу диІэм и бжьыгъэ щэм нысэрохьэс. ЛЭмэхэр блыщІ мэхъу. Абыхэм ящыщу къэтшыр 8 къудейщ, адрейхэр догъашэри дощэ.

- Лизэ, Пугачев кьыщыхъуам нужькІэ фэ, шэшэнхэр, фышынэркъэ?

- Ягъ шэшэн зауэм щыптъгъуам нужькІэ дэ зыми дыщыщынэжьркъым, - жэуап кьыдет, пыгуфІкІыуэрэ. Абы нэхърэ нэхъ шынагъуэ тІъагъунукъым... Ди гуэрхэмрэ дрэ фІыуэ дыдзэхущытщ. Си бынхэр урысхэми тэтэрхэми я ныбжьэгуфІхэщ.

Нужьклэ дэ дыхуэзащ Елизаветэ и кьуэ, илъэс 16 зи ныбжь Ислам. Абы езым и закъуэ мэл хъушэ игъэхьурт. Къэдэ хуеяжьым кьыдпсэльэн. АрщхьэкІэ нужьклэ кьыдджІащ Шэшэным игъэзэжьну зэрыхуейр - уи унэжь хуэдэ щыІэкъым...

Дэ депсэльащ кьуажэдэс фызыжьхэми. Шэшэнхэм щхьэкІэ тхьэусыхэжьыркъым: нэхъапэм Іэщ ядыгъурт, иджы ядыгъужьыркъым, дэжьакІуэщхэр хэщ, нэхъыщхьэраци,ефэхэркъым. Сыт атІэ урысхэмрэ тэтэрхэмрэ Іэщ щІымыгъашхэр? Гъэзнитхьэусыхэ Іуэсыпльхэрэ пльапІэщи.

Хьэуэ, сэ шэшэн псори згъэзахуэркъым. Мыбы къкІуа бзаджэнаджэм ильгъар скалыелщ: ищІэрт сэ кьыкъуахмэ, зэрыубыдынур. Абы мурад бзаджэ иІащ инкІи ар шыми игъэзэхуэфынукъым.

ВАРСЕГОВ Николай.
«Комсомольская правда»

● Урысей Федерацэ - США

Урысеймрэ США-мрэ я зэхущытыкІэм зэхуэщІыІэнщ текІуэну хъэмэрэ псалъэ кьыззхуагъэуту кьэралитІыр зэдалэжьэну, дунейм щекІуэкІ зэрызехьэмрэ зауэмрэ я унафэ хальхьэфыну? А ущІэхэр куэдыр зыгъэгузавэ.

Къэралыгъуэм нэхъ льэщхэм я унафэщІэхэм я зэІущІэми иджырей зэхущытыкІэр нэхъ щаб э ищІакъым, зэрыщытауэ кьэнэжауэ жьыІэ хъунущи, абы узыгъэгугъ гуэр хэльщ.

● УпщІэ - жэуап

ЗыкІи пыщІакъым Президенту зэрыщытым

Урысейхэм я нэхъыбэм (процент 65-м) кьалъытэ и щхьэгъусэм зэрыбгъэдэкІыжар Президент Путин и щхьэ Іуэхуу: «Левада-центр»-м кьыгурІуащ. Іуэхуэм и жылагъуэ 130-м цІыхуэхэм зэрыщеупщІам кьырикІуахэр. АрщхьэкІэ кьэралым и иджырей Іэтащхьэм щхьэкІэ мы зэманым (зэрыгурыІуэгъуэщи, президент хэхьныгъэхэр пщэдей екІуэкІамэ). Іэ зыІэтыну хьэзырыр хэхъуэрт процент 29-рэ кьудейщ.

Мэкъуауэгъэм и 6-м Путинхэ Владимирэ Людмилэр «Эсмеральда» балетым зэгъуэгу епІъа иужькІэ жаІащ зэрызэбгъэдэкІыжьыр.

Ар зэхэзыха урысейхэм кьаралым и Іэтащхьэм хуаІэ щыпсыкІэр ямыхъэужьауэ кьыщІэкІащ - процент 65-р абы и тельхьэщ. АрщхьэкІэ процент 27-м Путин Владимир игу ебгъащ.

«Путин Владимиррэ Путинэ Людмилэрэ зэрызэбгъэдэкІыжам сыт хуэдэу уепІупэ?» упщІам и жэуапу процент 58-м жаІащ: «Ар абыхэм я щхьэ Іуэхущ икІи зыкІи пыщІакъым Путин Владимир Урысейм и Президенту зэрыщытым». Процент 7-р гущыІэм гугъу дехьащ, ауэ процент 35-м кьалытащ Президентыр и щхьэгъусэм бгъэдэкІыжьын зэхэмэуэ - ар Президентщ!

ОЗЕРОВЭ Марина.
«Московский комсомолец»

НапэкІуэцІыр зыгъэхъэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Янрейхэр дырийпсырийт

● Къулейхэр

Олигарх Рыболовлер Дмитрий Алыджмэ и «Скорпионыр хьтІыгъуэ» пхъым кьыхэкІыщхъуащ. Ар хъэрзынэщ: ди кьулеижьхэм къэралпсо мыхьэнэ зиІэ Іуэхуэхэр зэфІагъэкІыф. АрщхьэкІэ Іофр нэгъуэщІ: ялэжьхэм щІащыгъуэ, тхьідэм я къыхэмкІи гуэркъым. Дауи, ахъщэшхуэ дыдэ ягъэкІуэщ, мыхьэнэншэм трагъэкІуащ. Сыт атІэ абы щхьэкІэ? Нэхьапэм нэхъыфІа?

Рим империем и зэманым щыІа фащэхэм хуэдэ щыгъэнкІэ хуэпауэ я Іэнатіэм кьэкІуэлІэну, латиныбзэкІэ фІэкІа мыпсэльэну. Империем и лъэхъэнэм щыІа сенатым хуэдэ зэтрихуэт езым и ахъщэкІэ.

Чписа махуэщхуэгъэм я пІэкІэ Чичериным игъуэтат «ФІы кьызыдэкІуэ лъэхъэнэщІэм и махуэ». Ар щагъэпльапІэкІэ щыху кьызэрыгуэкІхэр игъатхэрт: Рим и императорхэм я Іэнэхэм тельа ерыскъы хэплыжьа дыдэхэр ящІэшхырт. Ауэ зэрадыгъуМкІэ сэтей кьэхъуа кьулыкъущІэхэр гум щІищІэрти, чынутІкІэ ешуэрэ уэрамхэм дихуэрт. И мылъкур ІэщІэуэд ижь, зы сэлэт ротэ и гъусэу дэжьиг (кутпец) Сибирямэ и щІалІэр кьызэририхьащ икІи хуигъэуващ къэралым кьыфІдыгъуар хуритыжьыну. Пэжщ, зи чэзу махуэщхуэр гъэльэпІэным а мылъкури тригъэкІуэдэжащ.

Къаплъэнхэр зи Іэпэгъу

Хлудов дэжьигхэр Морозовхэз хуэдэу кьулеищэтэжьыкІ, арщхьэкІэ мылъку зыбгъэдэлъэхэт. Ахэр цІэрыІуэ зыщІар Хлудов Алексей и кьуэ «Мишэ» хьэщІэщым щыпсэуа. Щысасэмэ абы и бзэгум мастэ хиІуфынут, иригушІэ щыкІэу. ЩхьэгъуфжьэкІэ абдж къутахуэхэр иригъэльэтэхыт. ЩІэныр кьыльэуса ижь, ар дзэм хьжьащ, Ташкентэ Краснодар къэзыщІэтхэм яхэтащ. Езым и ахъшэкІэ сэлэтхэр иригъуэу иригъафэрт. Кьаплъэныбз зыбжанэ къыщІэхуати, абыхэм ящыщ зы щыІгъуу Москва лъэсу къыщикІухьырт. Лондон кьыщыдзэкІ газетхэм ятхыгъащ ар дипломат Іэхуэкіэ кьаугъэ хэхуэуэ зэрыщытар: Инджылызым и пащтых Викторие и щІыхькІэ ирагъэкІуэкІ гуфІэгъуэ Іэхуэхэм кІуат кьаплъэныр и Іадэжу!

ТхъэмахутІкІэ

Сталиным, СССР-м я зэманми апхуэдэхэр щыІащ. Псалъэм и хьэтыркІэ, композитор щэрыІуэ дыдэ Мокроусов Борис 1948 гъэм Сталиным и цІэкІа щыІэ саугъэтыр кьратат. Ауэ и етІуанэ нагъыщэ зиІэрат кьыхуагъэфэщар. Ар и жагъуэ хуэщащ «Одинокая бродит гармонь» уэрэд цІэрыІуэр зытхам. Гупсысэщ, гупсысэри, я етоумашинэ ящыщІыкІа хьэпшэр ящІыну Москва и гъунэгъу Руэз кьалэм пэмыжьижьэ колхоз гуэрым кІуащ. ЩыпІэ шхапІэм щыхьэри, ахъшэр Іэнэм трильхьащ: «Мыраш уэрыхэІэбэнур» жиІэри. Абдеж щыізэхаублэри, район пор тхъэмахутІым нэскІэ ефащ а ахъшэмкІэ.

Пэжщ, а маззэм лымрэ щэмкІэ планыр яхуэгъэззащІакъым. Мокроусовым щІыхуэб композиторкІэ ауэ